



THE CITY OF NEW YORK
OFFICE OF THE MAYOR
NEW YORK, NY 10007

17 Fevriye, 2026

POU PIBLIKASYON PRESE-PRESE

Kontak: Pressoffice@cityhall.nyc.gov

Majistra Zohran Mamdani anonse Komisyonè pou Biwo Afè Entènasyonal ak Afè Imigran

Ana María Archila ap dirije Biwo Majistra pou Afè Entènasyonal (Mayor's Office of International Affairs)

Faiza Ali ap dirije Biwo Majistra pou Afè Imigran (Mayor's Office of Immigrant Affairs)

NOUYÒK, NY – JODI A, Majistra Zohran Kwame Mamdani te anonse ke Ana María Archila ap sèvi kòm Komisyonè nan Biwo Majistra pou Afè Entènasyonal, pandan ke Faiza Ali ap sèvi kòm Komisyonè nan Biwo Majistra pou Afè Imigran yo.

Archila, yon lidè ki gen anpil eksperyans nan dwa imigran e ansyen ko-direktris Pati Fanmi Travayè Nouyòk la (New York Working Families Party, NYWFP), ap sèvi kòm lyen prensipal vil la ak Nasyonzini ak Depatman Deta. Ali, ki te sèvi nan Konsèy Vil la pandan plis pase 10 an, dènyèman kòm ansyen Depite Chèf Kabinè Pou Angajman Kominotè nan biwo Oratè a, pral dirije Biwo Majistra pou Afè Imigran yo, ki enpòtan anpil.

Komisyonè pou Afè Entènasyonal la se lyen vil la ak Nasyonzini, Depatman Deta ak kominote diplomatik la an jeneral. Nan wòl li kòm lidè Biwo Majistra pou Afè Entènasyonal, Archila ap konseye ajans vil yo sou zafè diplomatik, akeyi diplomat etranje nan Nouyòk, epi jere pwogram devlopman lidèchip tankou Anbasadè Ti Jèn Vil Nouyòk (NYC Junior Ambassadors). Kòm komisyonè, Archila ap travay pou asire ke Vil Nouyòk rete yon lakay akeyan pou kominote mondyal la.

“Vil Nouyòk te toujou pou mond lan—yon vil ke imigran yo te ede bati e ki vin pi fò gras a anpil lang ak istwa nou yo. Mwen fyè pou akeyi Ana María Archila nan administrasyon sa a pou kontinye bati sou eritaj sa a,” se sa **Majistra Zohran Kwame Mamdani** te di. “Atravè lidèchip li nan Working Families Party, li te ede dirije yon mouvman ki mete Nouyòkè k ap travay yo an premye epi ki mande yon gouvènman ki fè menm bagay la. Li pote klè moral ak yon angajman pwofon pou moun ki fè vil sa a mache. Kòm Komisyonè

pou Afè Entènasyonal, li pral kontinye fè menm bagay la pandan li asire ke mond lan toujou santi li akeyi nan vil sa nou tout rele lakay.”

“Mwen santi m onore anpil pou m antre nan administrasyon transfòmatif Majistra Mamdani a e pou m pote angajman li nan Biwo Afè Entènasyonal pou fè Nouyòk vin yon kote kote tout moun ka viv ak diyite,” se sa Ana María Archila te di. “Vil Nouyòk se kote diplomat yo rasanble, e li se tou lakay dè milyon Nouyòkè k ap travay, ki soti toupatou nan mond lan, avèk dè santèn nasyonalite ak lang yo reprezante. Nan Vil Nouyòk, relasyon entènasyonal yo bati nan Nasyonzini ak toupatou nan senk minisipalite yo. Mwen kontan pou m aplike plis pase 20 an eksperyans mwen nan dirije òganizasyon dwa imigran ak jistis ekonomik pou travay sou bati relasyon solid ak misyon diplomatik, gouvènman ak mouvman k ap travay pou konbat defi inegalite, chanjman klimatik ak degradasyon demokrasi.”

“Diplomasi se travay bati rezo entansyonèl nan yon echèl entènasyonal, pou amelyore lavi moun. Se òganizasyon sa a Ana María Archila te fèt pou li,” se sa **Patrick Gaspard, ansyen Anbasadè Etazini nan Lafrik di Sid ak Manm Distenge nan Sant pou Pwogrè Ameriken an (Center for American Progress)**, te di. “Ana María te yon lidè nan premye liy sou defi transnasyonal jounen jodi a — imigrasyon, chanjman klimatik, ak ogmantasyon disparite ekonomik. E nan yon moman kote alyans nou yo te an danje ak valè nou yo te konpwomèt, Majistra Mamdani fè yon chwa enspire pou vil mondyal sa a lè li chwazi yon lidè ki gen yon dosye pwouve nan jwenn teren komen pou pwogrè.”

“Nonmen Ana María Archila kòm pwochen Komisyonè pou Afè Entènasyonal nan Vil Nouyòk se yon temwayaj sou yon karyè ki dedye a mare bezwen kominote yo ak sèvis, pwogram ak politik nan nivo vil, eta ak federal,” se sa **Murad Awawdeh, Prezidan ak Direktè Egzekitif New York Immigration Coalition**, te di. “Li pase plis pase 20 an ap lite pou dwa ak diyite moun k ap travay isit la nan Vil Nouyòk, kòm yon ekzekitif nan òganizasyon san bi likratif, epi kòm manm konsèy administrasyon plizyè òganizasyon, ki enkli pwòp pa nou an. Nou pa ka panse a yon defansè ki pi fò pou tout Nouyòkè sou sèn mondyal la pase Archila”

“Jodi a, nou selebre nonmen **Ana María Archila** kòm Komisyonè pou Afè Entènasyonal nan Vil Nouyòk. Ana María te kòmanse vwayaj li kòm yon òganizatè nan **Make the Road New York** e li pase plis pase de deseni ap bati pouvwa ansanm ak kominote imigran, klas travayè, ak LGBTQ+. Pou wè youn nan caminantes nou yo pran wòl sa a fè nou santi yon fyète ekstraòdinè. Nan yon moman kote gouvènman federal la kontinye fè imigran parèt kòm lènmi, lidèchip Ana María a pa t ka pi ijan. Nou gen konfyans ke li pral ede fòme yon biwo ki angaje pwofondman nan leve ak selebre travayè entènasyonal yo — menm moun ki kenbe vil sa a vivan, fò, epi toujou ap avanse,” se sa **Jose Lopez, Ko-Direktè Egzekitif Make the Road NY**, te di.

“Nonmen **Ana María Archila** kòm Komisyonè pou Afè Entènasyonal se yon nouvel ki resevwa ak kè kontan nan kominote nou an. Li toujou dirije ak kouraj epi ak yon sans pwofon responsablite anvè imigran ak fanmi k ap travay yo,” se sa **Frankie Miranda, Prezidan ak Direktè Jeneral Federasyon Ispanik la (Hispanic Federation)**, te di. “Vwa Nouyòk nan mond lan pral pi fò paske Ana María konprann ke lidèchip mondyal nou kòmanse lè nou kanpe fèm pou jistis ak diyite moun lakay nou.”

Sou Ana María Archila

Ana María Archila se yon lidè nan Nouyòk ak atravè peyi a nan batay pou dwa imigran depi plis pase de deseni. Li fèt nan Kolonbi, e li pase tout lavi granmoun li nan Nouyòk. Li te ko-fonde epi dirije plizyè òganizasyon pwogresis nan kominote a, tankou Make the Road New York ak Sant pou Demokrasì Popilè.

Pandan karyè li, Archila te dirije efò pou refòm imigrasyon, konje peye pou malad, ogmantasyon salè minimòm, ak pase New York Dream Act. Li te kouri kòm kandida pou Lyetnan Gouvènè Eta Nouyòk an 2022 e kòm yon kandida premye fwa, li te ranmase 213,210 vòt. Dènyèman, li te sèvi kòm ko-direktris NYWFP epi li te jwe yon wòl esansyèl nan eleksyon Majistra Mamdani.

Faiza Faiza Ali pral dirije Biwo Majistra a pou Afè Imigran. Ali se pitit imigran Pakistanè e li pote plizyè ane eksperyans nan òganizasyon kominotè ak nan gouvènman vil la. Biwo Majistra a pou Afè Imigran (Mayor’s Office of Immigrant Affairs, MOIA) konseye Majistra a pou asire ke Vil Nouyòk pran swen vwazen imigran li yo.

“Mwen fyè pou m nonmen Faiza Ali kòm pwochen Komisyone Biwo Majistra pou Afè Imigran yo. Antanke pitit imigran Pakistanyen, Faiza konprann dirèkteman pwomès ak enstabilite ki make eksperyans imigran yo nan Nouyòk. Li pote plis pase yon deseni eksperyans nan angajman kominotè ak nan gouvènman vil la, ansanm ak yon dosye lidèchip ki pwouve angajman li pou avanse dwa ak sèvis imigran yo,” se sa **Majistra Zohran Kwame Mamdani te di.**” Nan yon moman kote imigran Nouyòkè yo ap fè fas ak atak k ap ogmante ak anpil ensètitud, administrasyon sa a pap fè bak. Nou pral defann vwazen nou yo. Nou pral elaji aksè ak sèvis yo. Epi n ap asire ke Vil Nouyòk rete yon kote kote imigran yo pa sèlman akeyi nan pawòl, men pwoteje nan politik piblik, sipòte nan pratik, epi kapab viv ak travay ak diyite yo merite.”

“Mwen se pitit fi avèk anpil fyète paran imigran ki soti Pakistan, paran mwen te vini nan Vil Nouyòk ak kouraj, yon lafwa solid nan posiblite, ak detèminasyon pou konstwi yon avni isit la. Vil sa a te ba nou opòtinite, establi, ak chans pou nou pran rasin, menm jan li te fè pou plizyè jenerasyon imigran anvan nou. Se yon onè pou m sèvi kòm Komisyone Biwo Majistra pou Afè Imigran yo. Vil Nouyòk pa sèlman lakay imigran, li mache grasa yo. Katye nou yo, ekonomi nou an, kilti nou, ak avni nou fòme pa moun ki rive isit la pou chèche sekirite ak opòtinite. Antanke Komisyone, mwen angaje m pou m bati yon vil ki asire ke chak Nouyòkè, kèlkeswa kilè yo rive oswa kote yo fèt, kapab viv, travay, epi elve fanmi yo ak diyite,” se sa **Faiza Ali te di.**

“Mwen te gen onè travay avèk Faiza nan kapasite li kòm manm Konsèy la pandan twa dènye ane yo. Li entèlijan, li gen kè sansib, epi li gen yon pasyon pwofon pou travay sa a. Mwen gen konfyans ke kòm Komisyone, li pral pote eksperyans li, detèminasyon li, ak angajman li pou sèvi kòm yon alye solid pou nou tout. Nan yon moman kote travay nou gen plis enpòtans pase tout tan, mwen vrèman gen espwa nan kapasite li pou dirije ekip la nan Biwo Majistra pou Afè Imigran (MOIA),” se sa **Manm Konsèy Elsie Encarnacion, Prezidan Komite Imigrasyon an,** te di.

“Nonmen **Faiza N. Ali** kòm Komisyone MOIA se yon viktwa pou Nouyòkè imigran yo,” se sa **Murad Awawdeh, Prezidan ak Direktè Egzekitif Kowalisyon Imigrasyon Nouyòk (New York Immigration Coalition),** te di. “Kòm yon vrè pitit Vil Nouyòk, ki leve nan yon fanmi imigran ak nan yon katye imigran nan Brooklyn, li konprann byen fon bezwen ak eksperyans kominote nou yo. Pandan tout karyè li, li bay Nouyòkè k ap travay di, kèlkeswa relijyon oswa kilti yo, plis kapasite lè li konekte yo ak opòtinite ak sèvis — pandan li te pouse pou chanjman nan politik piblik ki asire chak fanmi gen chans pou yo reyisi. Nou

ankouraje anpil pa desizyon Majistra Mamdani pran pou nonmen Ali, e nou pa ka tann pou nou travay avè l pou avanse sante ak byennèt tout Nouyòkè imigran yo, kounye a ak nan lavni.”

“Nou felisite Komisyonè Faiza Ali pou nouvo pòs li kòm Komisyonè nan Biwo Majistra pou Afè Imigran yo.” Faiza pote yon gwo eksperyans kòm sèvant piblik nan wòl enpòtan sa a, ansanm ak yon konpreyansyon inik sou divèsite kominote Vil Nouyòk yo ak defi konplèks y ap fè fas. Nou gen konfyans ke Faiza pral yon defansè solid pou tout Nouyòkè imigran yo epi li pral kanpe fèm pou pwoteje kominote nou yo kont entèvansyon federal,” se sa **Natalia Aristizabal, pwochen Ko-Direktris Egzekitif Make the Road NY**, te di.

“Nou fyè pou nou akeyi Faiza Ali kòm pwochen Komisyonè Biwo Majistra pou Afè Imigran yo. Faiza te yon alye fidèl pou kominote imigran Staten Island la. Nou bezwen lidè tankou li — entèlijan, ki gen prensip solid, epi ki byen anrasinen nan òganizasyon kominotè — ki pral kanpe pou fanmi imigran yo nan Staten Island ak lòt kote pi lwen toujou. Nou swete travay kole kole avè l epi sipòte l,” se sa **Arlette Cepeda, Direktris Egzekitif Enterimè La Colmena**, te di.

“Faiza fè pati kominote AAANY depi plizyè ane. Kòm Direktris pwogram Defans ak Angajman Sivik nou an, li te dirije kanpay — tankou efò pou refòm imigrasyon — ki te ede dè milye imigran atravè Vil Nouyòk,” se sa **Marwa Janini, Direktris Egzekitif Asosyasyon Arab Ameriken Nouyòk (Arab American Association of New York, AAANY)** te di. “Eksperyans li ak konpreyansyon li genyen sou politik piblik ansanm ak reyalite sou teren an fè li yon chwa pafè pou wòl sa a. Nou menm nan AAANY gen tout konfyans ke, kòm Komisyonè MOIA, li pral kontinye sèvi kòm yon defansè ak yon chanpyon pou kominote imigran Vil Nouyòk yo.”

“Nou kontan anpil dèske Faiza Ali pral nouvo komisyonè pou Biwo Majistra pou Afè Imigran yo. Gwo eksperyans li genyen nan gouvènman an, devouman eksepsyonèl li pou sèvi kominote imigran yo, ansanm ak angajman solid li pou ankouraje yon vil kote pwopriyetè ti biznis imigran yo ka pwospere, fè li yon chwa ekselan pou wòl sa a,” se sa **Mohamed Attia, Direktè Egzekitif Pwojè Machann nan Lari nan Sant Jistis Iben an (Street Vendor Project nan Urban Justice Center)**, te deklare.

Sou Faiza Ali

Faiza Ali pase plis pase 10 an ap travay nan angajman kominotè nan Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la. An 2014, li te sèvi kòm Lyezon Kominotè anvan li te monte etap pa etap pou rive vin Direktris Divizyon Angajman Kominotè a. Anvan li te antre nan Konsèy la, Ali te Direktris Defans ak Angajman Sivik nan Asosyasyon Arab Ameriken Nouyòk (Arab American Association of New York, AAANY) epi li te ko-fonde Klèb Demokrat Mizilman Nouyòk (Muslim Democratic Club of New York). Li te sèvi tou kòm Direktris Defans nan Asosyasyon Arab Ameriken Nouyòk (Arab American Association of New York), kòm òganizatè nan Brooklyn Congregations United, epi kòm Direktris Afè Kominotè nan Konsèy sou Relasyon Ameriken-Islamik Nouyòk (Council on American-Islamic Relations, CAIR-NY).

Ali te ede dirije efò pou mete de jou fèt Mizilman nan sistèm lekòl piblik Vil Nouyòk la, epi li te goumen pou refòm imigrasyon ak aksè lang. Dènyèman, li te sèvi kòm Premye Depite Chèf Kabinè nan Konsèy Vil la. Antanke Komisyonè, Ali pral travay pou ogmante aksè a pwogram ak benefis vil la pou Nouyòkè ki pa pale Anglè, epi li pral kolabore korèkteman ak lòt ajans pou pwoteje imigran yo atravè senk minisipalite yo.

###